

Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TWAZYÈM FAZ NOMINASYON POU 3YÈM MANDA ADMINISTRASYON LI AN

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouèl nominasyon nan administrasyon li an.

“Depi premye jou a, administrasyon nou an te pote vrè rezilta pou Nouyòkè yo, epi mwen fyè pou m travay ak ekip briyan ki plen talan sa a pou nou kontinye pouse elan nou pran vè lavan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ansanm, nou pral fè New York vin yon eta ki pi solid, pi jis, ak pi pwospè pou tout moun.”

Li te nonme **Jill DesRosiers** kòm Chèf Kabinè. Avan sa, Madam DesRosiers te sèvi kòm Sekretè Egzekitif Adjwen Gouvènè a. Nan wòl sa a, li te sipèvizè Biwo Zafè Entègouvènmantal yo, Pwogramasyon ak Operasyon yo, Zafè Rejyonal ak Sikonskripsyon yo, Aktivite Espesyal ak Nominasyon yo. Avan wòl sa a, Madam DesRosiers te travay kòm Sekretè Adjwen pou Operasyon Egzekitif yo epi kòm Direktris Pwogramasyon pou Gouvènè a. Madam DesRosiers te okipe pozisyon lidèchip yo nan Vil New York ak gouvènman nivo Eta a pandan plizyè ane. Apre ke li te resevwa yon diplòm nan University of Pennsylvania avèk konsantrasyon nan Enjenyeri Sistèm, Madam DesRosiers te okipe pòs siperyè lè l t ap travay nan Konsèy Minisipal Vil New York la pandan 12 ane sou Pòtpawòl Gifford Miller epi apresya Pòtpawòl Christine Quinn.

L ap nonme **Jeneral Divizyon Patrick A. Murphy** kòm Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services). Jeneral Divizyon Patrick A. Murphy te pase plis pase 41 ane nan sèvis militè avèk dènye pòs li te okipe a ki te Direktè Deta-Majò Biwo Gad Nasyonal la (National Guard Bureau Joint Staff) nan Pentagon, Washington D.C. Avan sa, li te sèvi kòm ofisye deta-majò prensipal Direktè Biwo Gad Nasyonal la nan yon pòs sipèvizè kote l t ap sipèvizè plis pase 450,000 sòlda ak avyatè Gad Nasyonal. Fonksyon Jeneral Divizyon Murphy yo te gen ladan sipèvizyon travay anplwaye Deta-Majò Biwo Gad Nasyonal la avèk konsantrasyon sou Defans Enteryè ak Soutien Defans pou Otorite Sivil yo. Avan sa, li te sèvi kòm Jeneral Adjitan Gad Nasyonal New York la (New York National Guard) kote l t ap kòmande yon fòs ki te gen plis pase 16,000 solda sitwayen ak avyatè. Avan tan l te pase nan New York la, li te sèvi kòm Chèf Kabinè Adjwen pou Zafè Gad Nasyonal yo (National Guard Affairs), US Third Army nan Koweyt ak Direktè Plan Soutyen Sivil, Kòmand Nò Etazini an (U.S. Northern Command). Jeneral Divizyon Murphy te sèvi kòm yon pilòt pou elikoptè, kote l te kòmanse nan nivo konpayi ak batayon epi nan pòs anplwaye siperyè brigad. Li resevwa yon Lisans (B.S.) nan Iowa State University, yon Metriz nan Shippensburg University of Pennsylvania epi li se yon diplome nan Inivèsite U.S. Army War College.

L ap nonme **Angela Fernandez** kòm Komisè Divizyon Dwa Zimen an (Division of Human Rights). Aktyèlman la, li se Direktris Egzekitif ak Avoka Sipèvizè nan Kowalisyon pou Dwa Imigran yo nan Nò Manhattan (Northern Manhattan Coalition for Immigrant Rights). Madam Fernandez te devlope pwogram reprezantasyon inivèsèl tribinal nonme pou imigran yo arete yo, ki se tou premye pwogram konsa ki gen nan nasyon an. Li te fonde epi li te jere de lekòl elemantè nan South Bronx ak nan Washington D.C., epi li te mennen ak reyalize Pwogram Detid Feminin (Women's Studies Program) nan prizon Rikers Island Correctional Facility a, ki se tou premye pwogram konsa pou fanm ki nan prizon yo. Avan sa, Madam Fernandez te travay nan Biwo Senatè Ameriken Bill Bradley epi kòm Chèf Kabinè Distri pou Manm Kongrè José Serrano. Li te diplome nan Columbia University School of Law a epi li gen plis pase 20 ane eksperyans nan defann dwa zimen ak dwa sivil nan Etazini ak onivo entènasyonal.

L ap nonme **Dale Bryk** kòm Sekretè Adjwen pou Enèji ak Anviwònman an (Energy and the Environment). Aktyèlman la, li sèvi nan Konsèy Defans Resous Natirèl la (Natural Resources Defense Council, NRDC) kote li te okipe yon bann pòs, ki gen ladan Direktris Planifikasyon, Direktris Pwogram yo, ak Direktris Pwogram Enèji ak Transpò a (Energy and Transportation Program). Pandan 21 ane l pase nan NRDC a, li te travay pou l devlope ak reyalize politik sou klima, efikasite enèjetik, enèji renouvlab ak politik transpò pwòp. Soti 2002 rive 2010, li te anseye Klinik Jiridik Anviwòmantal (Environmental Law Clinic) nan Yale Law School. Avan l te rejwenn NRDC a, li te pratike dwa kòporatif nan New York. Li resevwa yon diplòm lisans nan Colgate University, yon metriz nan Fletcher School of Law and Diplomacy nan Tufts University, ak yon Doktora an Dwa nan Harvard Law School.

L ap nonme **Johnathan Smith** kòm Sekretè Adjwen pou Dwa Sivil. Aktyèlman la, li se Direktè Legal nan Muslim Advocates, ki se yon òganizasyon dwa sivil nasyonal nan Washington D.C. Avan sa a, li te sèvi kòm Konseye Prensipal Pwokirè Jeneral pou Divizyon Dwa Sivil (Civil Rights Division) nan Depatman Jistis Etazini an (U.S. Department of Justice) pandan Administrasyon Obama. Avan sa a, li te yon avoka anplwaye pou Fon Defans Legal ak Edikasyonèl (Legal Defense and Educational Fund) NAACP a ak yon asosye kontansye nan kabinè Fried Frank Harris Shriver & Jacobson LLP a. Li te kòmanse karyè li kòm grefye pou Onorab Carl E. Stewart nan Tribinal Apèl Etazini pou Senkyèm Sikwi a (United States Court of Appeals for the Fifth Circuit). Mesye Smith gen yon Lisans (B.A.) ak yon Metriz nan Edikasyon (M.Ed.) nan Harvard University, ak yon Doktora an Dwa nan NYU School of Law.

L ap nonme **Maria Vullo** kòm manm Ajans Ipotekè Eta New York la (State of New York Mortgage Agency). Aktyèlman la, li sèvi kòm Direktris Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS). Avan l te al travay nan DFS, Madam Vullo te yon avoka patnè nan kabinè Paul, Weiss, Rifkind, Wharton & Garrison LLP, kote li te mennen ankèt sivil, kriminel ak reglemantè devan tribinal ak otorite gouvènmental yo toupatou atravè peyi a. Madam Vullo te sèvi kòm Direktris Egzekitif Pwokirè Jeneral pou Divizyon Jistis Ekonomik (Economic Justice Division) nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la (Office of the New York State Attorney General) lè Cuomo te Pwokirè Jeneral Eta New York. Nan pòs sa a, li te sipèvizè Biwo pou Pwoteksyon Envestisè, Antitwòs, Finansman Imobilye, Fwòd sou Konsomatè ak Entènèt (Bureaus of Investor

Protection, Antitrust, Real Estate Finance, Consumer Frauds and Internet), kote li te mennen ankèt toupatou atravè Eta New York pou pwoteje envestisè ak konsomatè yo kont fwòd. Madam Vullo te resevwa Doktora an Dwa nan New York University School of Law, yon Metriz nan Administrasyon Piblik (M.P.A). nan New York University Wagner Graduate School of Service Public, ak yon Lisans nan College of Mount Saint Vincent. Li te grefye Onorab John A. MacKenzie, nan Tribinal Distri Etazini, Distri Lès Virginia, apre l te fini fakilte dwa ak avan l te antre nan kabinè prive.

Li te nonme **Mimi Reisner** kòm Konseyè Prensipal pou Kominikasyon ak Estrateji Nimerik (Communications and Digital Strategy). Avan sa, Madam Reisner te sèvi kòm Konseyè Prensipal pou Kominikasyon. Avan sa, li te travay kòm Direktris Kominikasyon Inisyativ pou Clinton Foundation lan epi li te Lyezon ak Medya pou Biwo Chèf Pwotokòl (Office of the Chief of Protocol) Depatman Eta a Etazini an (U.S. Department of State). Madam Reisner resevwa yon Lisans nan Lehigh University ak yon Doktora an Dwa nan University of Pennsylvania.

Li te pwomouvwa **John Maggiore** vin Konseye Prensipal Gouvènè a. Nan wòl sa a, li pral sipèvize devlopman ekonomik rejyon nò a pou Biwo Gouvènè a, ansanm ak Empire State Development, epi li pral dirije zafè entègouvènmantral rejyon nò yo. Mesye Maggiore te sèvi pi resaman kòm Direktè Politik. Avan sa, Mesye Maggiore te travay kòm chèf kabinè Gouvènè Adjwen Robert Duffy epi, nan ane 2011 li te Direktè Zafè Rejyonal sou Gouvènè Cuomo. Anvan sa, li te travay kòm Konseye Politik pou Pwokirè Jeneral Cuomo, li te Asistan Cuomo lè li te Sekretè Depatman Lojman ak Devlopman lben an (Department of Housing and Urban Development, HUD), li te Direktè Kominikasyon pou Prezidan Muriel Howard nan Buffalo State College. Nan ane 2005, li te dirije Pwojè Stabilizasyon Konte Erie (Erie County Stabilization Project) pou Patenarya Buffalo Niagara (Buffalo Niagara Partnership). Mesye. Maggiore te kòmanse karyè pwofesyonèl li kòm asistan konfidansyèl pou Gouvènè Mario Cuomo. Li se yon natif natal Buffalo, avèk yon diplòm Bakaloreya nan Connecticut College, Metriz nan Rutgers University ak yon Metriz nan Administrasyon Piblik nan Harvard Kennedy School.

L ap nonme **Amanda Lefton** kòm Premyè Sekretè Adjwen pou Enèji ak Anviwònman an. Aktyèlman la, li se Direktris Politik pou The Nature Conservancy nan New York. Avan sa, Madam Lefton te dirije Komisyon Parité Rejyonal Sendika Travayè Ini Distri Albany an nan Rochester (Albany District of the Rochester Regional Joint Board of Workers United) epi li te sèvi kòm Asosye Lejislativ pou Asanble Eta epi li te travay pou Sena Eta a. Li gen yon diplòm Lisans nan University at Albany.

L ap nonme **Lauren Melendez** kòm Sekretè Adjwen pou Transpò. Aktyèlman la, li se Analis Prensipal pou Transpò ak Enfrastrikti nan Komite Finans Sena (Senate Finance Committee) Eta New York la. Avan sa, Madam Melendez te sèvi kòm Asistant Pwojè pou Empire State Future, ki se yon pwojè ki sou direksyon Tides Center. Li resevwa yon Lisans ak yon Metriz nan Planifikasyon Rejyon nan University at Albany.

Li te nonme **Daniel Horwitz** kòm manm Komisyon Konjwent sou Zafè Etik yo (Joint Commission on Public Ethics). Avan sa, Mesye Horwitz te sèvi kòm Komisè JCOPE soti 2011 rive 2016 epi kòm Prezidan Komisyon an soti 2013 rive 2016. Li se Prezidan kabinè Pratik Ankèt ak Defans Kòl Blan (White Collar Defense and Investigation

Practice) McLaughlin & Stern lan. Avan sa, Mesye Horwitz te travay kòm pwokirè adjwen Konte New York la pandan prèske yon deseni, kote li te fè ankèt epi pouswiv krim komèsyal konplike nan Biwo Fwòd la (Frauds Bureau) lajistis. New York Super Lawyers te nonme l pami Top 100 Avoka nan Rejyon Metwopolitèn New York la depi 2012, li se yon Super Lawyer depi 2009 epi depi 2012 yo te rekonèt li kòm Meyè Avoka nan Etazini (Best Lawyers in America) pou zafè Defans Kriminèl Kòl Blan (White Collar Criminal Defense). Mesye Horwitz resevwa yon Doktora an Dwa avèk distenksyon cum laude nan American University Washington College of Law, ak yon Lisans nan Columbia University.

Li te nonme **Jihoon Kim** kòm Chèf Kabinè pou Konseye Prensipal, John Maggiore. Nan wòl sa, Mesye Kim pral ede kowòdone devlopman ekonomik, zafè ak politik entègouvènmantal rejyon nò yo. Mesye Kim te okipe plizyè pòs nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la, pi resaman li te sèvi kòm Direktè Adjwen Zafè Lejislativ. Avan sa, Mesye Kim te travay pou Sena Eta New York la. Li resevwa yon Lisans nan Marist College ak yon Metriz Travay Sosyal (M.S.W.) nan Silberman School of Social Work nan Hunter College.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)